


**Tujuh Hambalan
Ngajarkeun Carita Pondok ka Barudak**

TINA GAMBAR KANA CARITA



1. Maca

Baca sing gemet karangan di handap, tuluy jieun:

- Ringkesan carita, cukup saparagraf.
- Ngaran-ngaran tokoh katut ciri-cirina.
- Judulna, naha matak panasaran?
- Kumaha basana, merenah atawa henteu?
- Kumaha éta karya téh, alus atawa biasa waé? Sebutkeun deuih alesanana.

TEGER

*Kénging Indah Nur Rizqika
SMP Negeri 2 Cibadak, Kab. Sukabumi*

Geus leuwih ti dua poé Réndra embungeun asup sakola.

Kumaha rék sakola? Kolotna paséa baé. Réndra jadi teu betah di imah, teu sumanget ka sakola. Manéhna leuwih resep ulin sorangan ka luar, mapay jalan sakaparan-paran.

“Aa!” Riska ngagorowok.

“Riska? Naha manéh ka dieu?” ceuk Réndra bangun reuwas.

“Atuh da sieun, Aa, si Ayah keur ambek pisan,” témbal Riska.

Nempo Riska nu bangun soak, Réndra balik ka imah bari nuyun adina. Réndra téh budak SMA, ari si Riska mah budak SD kénéh.

Nu matak, Réndra téh hayang ngajaga Riska salawasna. Sanajan mun ngomong ka Riska sok siga nu nyentak, jero-jerona mah Réndra téh nyaah pisan ka adina.

“Mah, mana si Ayah?” ceuk Réndra barang nepi ka imahna.

“Rék naon sia néangan jelema éta?” omong indungna bari molotot.

“Ari Mamah jeung Ayah téh ku naon?” tanya Réndra, “cik atuh, sing nyaah ka budak,” pokna deui.

Indungna beuki molotot. Adina beuki soak. Teuing naon eusi hate indungna nepi ka jadi ambek ka budakna sorangan.

Teu kungsi lila, kadéngé sora lalaki di hareupeun imah, sora bapana Réndra nu keur kukulutus sorangan bari mindahkeun barang-barang. Teu lila jol bapana Réndra nyampeurkeun.

“Réndra, urus tah indung manéh!” ceuk bapana bari leumpang ka luar.

Saméméh némbal, bapana geus kaburu indit. Jep jarempling, euweuh nu wani ngomong atawa nanya bapana rék kamana.

Teu karasa, cipanon Réndra ujug-ujug nyurucud. Réndra ceurik eueuriheun. Riska nangkeup lanceukna. Indungna langsung indit ka kamarna bangun bingung pipetaeun.

“Aa, ayeuna urang kudu kumaha?” tanya Riska.

“Sabar heula, nya? Aa engké rék gawé,” témbal Réndra.

“Meureun Aa moal sakola?” “Keun baé, Riska tong milu mikiran,” ceuk Réndra bari indit ka kamar indungna.

Réndra ngawangkong jeung indungna. Ceuk indungna, bapana téh boga awéwé anu lian, antukna paraséa waé. Hubungan indung bapana gé jadi teu jelas.

“Réndra kudu nyaah ka Riska nya, Mamah mah moal di dieu deui,” ceuk indungna bari tuluy nyarita, yén manéhna arék gawé baé di luar kota. Réndra jeung Riska kudu diajar hirup mandiri, cenah.

Atuh puguh baé Réndra kacida bingungna. Rék kumaha hirup mandiri mun kaayaan kawas kieu?

Sabab geus bingung pisan, Réndra ngan saukur bisa pasrah kana kaayaan.

“Mah, Réndra gé badé damel,” ceuk Réndra.

“Di mana kitu?” ceuk indungna.

“Ka Bandung kota wé. Si Riska dibawa ku Réndra,” pokna.

“Nya enggeus ari kitu mah,” témbal Indungna pondok.

Sajongjongan jempling.

Réndra neutep kana jandéla. Manéhna maturan poékna peuting.

Mani tiiseun lembur téh, bangun geus sararé kabéh. Ngan Réndra wé nu hudang kénéh téh.

“Duh Gusti, tuduhkeun jalan kanggé abdi,” ceuk Réndra bari nyusut cimata.

Geus leuwih ti tilu poé Réndra jeung Riska cicing di Kota Bandung. Puseur kota. Saméméhna, Réndra téh cicing di Kabupatén Bandung.

Riska tetep neruskeun sakola, ari Réndra mah gawé naon baé.

Manéhna sok gawé di sabudeuran Jalan Braga. Di dinya sok loba turis. Aya rupa-rupa tempat pikeun jajan atawa dalahar.

“Kieu ning, ari daérah élit mah. Pantès Jalan Braga disebutna gé jalan intelék,” ceuk Réndra.

“Enya, Aa, tapi rieut ning nempo jalma réa mah,” témbal Riska.

“Ah, engké gé biasa,” ceuk Réndra.

Jaman sakola kénéh, Réndra téh resep ngagambar jeung hasilna gé aralus. Nempo sapanjang jalan Braga loba lukisan nu aralus, Réndra jadi resep ngilikan éta tempat. Ti harita, saban bérés gawé, manéhna sok ngadatangan toko nu ngajual lukisan. Acan bisa meuli, duit ti mana atuh? Gawé ogé can puguh.

“Punten, Kang, abdi téh hoyong ngiring ngalukis di dieu, tiasa henteu?” tanya Réndra ka Kang Dharma, nu boga toko lukisan.

“Tiasa kitu ngalukis?” tanya Kang Dharma.

“Tiasa, mung awon keneh.” “Naha atuh henteu mésér baé? Tibatan ningalian wungkul mah?” “Teu acan gaduh artosna, Kang,” témbal Réndra.

Kang Dharma ngahuleng, tuluy nyokot alat-alat ngagambar.

“Sok atuh, cobaan,” ceuk Kang Dharma.

“Nu leres ieu téh, Kang?” ceuk Réndra meni bungah.

Sanggeus dihempékkeun, trét Réndra ngagambar. Teu karasa, dua jam Réndra ngadekul. Barang ras inget ka adina di imah, Réndra langsung pamit ka Kang Dharma sanajan gambarna tacan bérés.

“Assalamu’alaikum, Riska!” ceuk Réndra.

“Wa’alaikumsalam,” témbal Riska.

Réndra nyaritakeun kabéh kajadian poé éta.

Teu karasa, geus leuwih ti opat bulan, Rendra cicing di Kota Bandung. Manéhna geus boga gawé matuh, nyaéta jadi tukang parkir. Saban aya waktu, manéhna nyimpang ka toko Kang Dharma.

Poé éta Kang Dharma ngabéjaan sangkan Rendra gawé di toko lukisan. Pangaji hiji lukisan gé geuning lumayan. Teu loba mikir, Réndra langsung nyatujuan. Unggal poé manéhna ngadekul ngagambar. Sakapeung Riska sok diajak ngabaturan.

“Kriing ... kriiing” sora telepon disada.

“Réndra, ieu Mamah. Kumaha Réndra jeung Riska, calageur?” ceuk indungna.

“Alhamdulillah, Mah, sadayana damang. Dupi Mamah kumaha?” témbal Réndra.

“Alhamdulillah, Mamah ogé damang.” Réndra ngawangkong jeung indungna, nyaritakeun susah jeung senangna hirup di kota. Ceuk Rendra, sakapeung mah taya dahareun-dahareun acan lamun keur teu boga duit, untungna sok aya nu haat méré.

Lumayan tamba peurih beuteung.

Ayeuna Réndra jeung Riska teu pati sangsara teuing. Sanajan kulawargana geus papisah, tapi maranéhna tetep kuat jeung teger pikeun neruskeun lalampahan kahirupanana.

2. Narjamahkeun

Tarjamahkeun tulisan di handap kana basa Sunda.

Pangeran Egrang

Kénging Darpan

Nomer	Naskah
1	Rakean. Ia menjuarai lomba balap egrang di alun-alun Wastukencana. Anak kelas V SD Lebakwangi itu sangat bangga ketika menerima piala langsung dari bupati. Ia tak menyangka bisa lolos mewakili kabupaten ke tingkat provinsi. Jika Rakean menjadi juara, itu adalah buah kerja kerasnya. Rakean telah lama belajar dan berlatih egrang. Dengan postur tubuh agak kurus, Rakean berhasil menguasai teknik naik egrang nyaris sempurna.
2	Inti bermain egrang adalah menjaga keseimbangan. Keseimbangan diperoleh dengan cara memegang bagian atas tongkat bambu dan menjaga kaki yang menumpu pada tuas di bagian bawah tidak goyah. Sisanya bagaimana mengatur tenaga dan menyelaraskan langkah kaki di atas tuas. Selain itu, Rakean juga telah menggeluti berbagai teknik menggunakan egrang, seperti berjalan santai, berjalan

	cepat, bahkan berlari. Meloncat dan menumpu pada satu tongkat egrang, pernah juga dicobanya.
3	Namun, ia belum puas. Rakean ingin menjuarai lomba di provinsi. Masih ada waktu. Ia akan membuat hari-harinya sibuk untuk berlatih kembali. Bahkan tak tanggung-tanggung, ia ingin mendaki Bukit Putri dengan egrang sebagai bagian dari latihannya. “Kamu harus merekamnya. Ini peristiwa penting,” ajak Rakean pada Asep, teman karibnya. “Kamu harus mengabadikan perjalanan kita. Biar dunia tahu!” “Untuk kamu, aku siap!” jawab Asep. Rakean dan Asep merancang rencana: menentukan rute, memastikan spot foto, serta menyiapkan pakaian dan aksesoris yang juga penting. “Biar foto kamu bagus, euy!” kata Asep.
4	Rakean kemudian menemui kakeknya, Aki Ule. “Bisakah Aki buat aku egrang yang baru?” “Yang kemarin rusak?” tanya Aki Ule. “Tidak. Tapi aku akan ke provinsi, Aki. Aku juga akan berlatih naik egrang dengan mendaki Bukit Putri. Aku butuh egrang yang lebih keren, yang lebih kuat!” jawab Rakean. “Baiklah kalau begitu. Aku akan buat egrang yang baru!” jawab Aki Ule sambil tersenyum. Aki Ule dan Rakean pergi ke kebun bambu. Aki Ule kemudian memilih dan memotong batang bambu tali. Dipilih bambu yang diameternya tiga sentimeter dan makin melebar ke bawah.
5	Pertama-tama Aki Ule memotong dua batang bambu tali. Ukuran panjangnya 2,5 meter. Aki Ule menyesuaikannya dengan tinggi badan Rakean. Dua batang bambu itu kemudian dibersihkan dan dihaluskan permukaannya. Kemudian, Aki Ule membuat pijakan egrang. Dipilih ruas bambu yang diameternya agak lebar. Pijakan itu panjangnya 25 sentimeter. Pada ujungnya diberi lubang yang cukup untuk dimasukkan ke batang tongkat. Jarak pijakan dari bawah tongkat kira-kira setinggi 30 sentimeter. Untuk memperkuat bambu pada bagian pijakan, Aki Ule mengikatnya dengan tali rotan. Tali itu dililitkan menyilang sehingga terlihat seperti anyaman. Demikian pula ujung-ujung bambu egrang. Oleh Aki Ule, ujung-ujung bambu tersebut dihiasi lilitan tali rotan kecuali pada bagian bawahnya. Itulah keahlian Aki Ule. Di Kampung ia memang dikenal sebagai pengrajin bambu.
6	“Nah, sudah beres. Sekarang cobalah!” kata Aki Ule. Rakean gembira sekali. Egrang barunya terlihat lebih keren, karena berhias tali rotan. Rakean kemudian mencobanya. Egrang itu terasa lebih ringan digunakan. “Terima kasih, Aki!” kata Rakean. Aki Ule kembali tersenyum.
7	Bukit Putri adalah bukit indah di selatan Kampung Lebakwangi. Rakean bukan sekadar ingin berlatih egrang. Ia bahkan ingin membuat rekor di Lebakwangi. Rakean ingin menjadi orang pertama yang mendaki bukit itu dengan egrang. Jarak dari kampung ke Bukit Putri sekitar lima kilometer. Jika berjalan normal dengan egrang di tempat datar, Rakean bisa menempuh jarak empat kilometer dalam waktu satu jam. Namun, ini bukan balapan. Ini mendaki. Setelah menyeberang Sungai Citamiang bahkan jalan menanjak terjal.

	“Berapa waktu yang diperlukan sampai kita di atas bukit?” tanya Rakean. “Memang aku yang akan pergi?” jawab Asep sambil sedikit mengangkat bahu. “Namun, aku sarankan jangan sampai lebih dari satu jam. Bukankah kita akan membuat rekor?”
8	Asep juga tak main-main. Ia mendesain pengumuman dengan aplikasi di telepon pintar ibunya. Hasilnya keren. Asep lalu meminta ayahnya untuk mengunggah pengumuman itu di grup media sosial RW. Biar orang satu kampung tahu ada Pangeran Egrang yang siap mendaki Bukit Putri. Tunggu pada hari Minggu, begitu bunyi pengumuman. “Kau sebut aku Pangeran Egrang? Lebay amat!” kata Rakean. “Masa aku harus menyebut kamu Pangeran Kodok!” kata Asep sambil berlalu. Rakean menggaruk-garuk kepala sambil tersenyum kecil. Asep memang lucu.
9	Tibalah pada hari yang ditunggu-tunggu. Rakean miris juga, ternyata banyak orang sudah menunggu di lapangan voli. Ia akan memulai pendakian dari sana. Namun kenapa jadi ramai begini? “Pangeran Egrang, semangaaaatt!” kata Cici, gadis kecil tetangganya. Amboi, ini lebih ramai dibanding saat ia bertanding di Wastukencana. Sementara Asep sudah siap dengan kamera telepon milik ibunya, hanya senyum-senyum saja. Tepat pukul setengah delapan pagi, Rakean tegak menaiki egrangnya. Ia mengenakan kaus dan celana merah. Ikat kepalanya putih. Itu usulan Asep. Biar hasil foto kelihatan bagus, kata Asep. Setelah Asep memberinya aba-aba, Rakean mulai berjalan di atas egrang. Tangannya menarik batang bambu agar kaki dan tongkat egrang itu bisa melangkah. Bergantian kiri kanan, begitu seterusnya, seperti berjalan biasa saja. Kelihatan sekali kepiawaian Rakean menggunakan egrang.
10	Sorak sorai warga kampung mengiringi langkah Rakean. Asep sibuk memotret. Jalan dari lapangan voli menuju Sungai Citamiang agak datar bahkan di bagian tertentu menurun. Rakean melalui pesawahan dan kebun dengan cepat. “Satu jam finis, jangan lebih,” begitu teriak Asep. Sungai Citamiang tidak terlalu lebar. Asep sudah menentukan lokasi di mana Rakean harus menyeberang agar jangan terlalu susah. Tepat di bawah pohon loa banyak batu dengan permukaan datar. Rakean bahkan seperti kancil yang riang melompat-lompat saat melewati batu-batu itu. “Bagus!” kata Asep sambil mengamati hasil fotonya. Kini jalan menanjak. Rakean sangat berhati-hati. Badan harus membungkuk jika tak ingin terjengkal ke belakang. Rakean bahkan harus berulang-ulang memilih pijakan yang kuat buat tumpuan egrang agar jangan sampai terpeleset.
11	“Ayo, Kean. Berjuang! Di atas sana ada pohon ketapang. Kau bisa beristirahat sebentar, asal jangan turun ke tanah. Duduklah di cabangnya!” Asep berteriak di depan. “Baik!” sahut Rakean dengan napas yang agak cepat. Pohon jagung yang berbunga di punggung bukit, terlihat indah disiram matahari pagi.

	Rakean sampai juga di pohon ketapang. Aha, cabangnya besar dan agak rendah. Boleh juga untuk istirahat. Ia kemudian duduk dan bersandar di cabang pohon. Angin berembus, lumayan buat mengeringkan keringat di wajah. Pandangan Rakean dilempar ke lembah. Atap-atap rumah di Lebakwangi terlihat dengan jelas. Perjalanan yang sudah dia tempuh lumayan juga. Lalu ia mengalihkan pandang ke depan, jalan mulai melandai, tak terlalu terjal.
12	“Hei, waktumu tinggal sepuluh menit lagi! Jangan kelamaan duduk di situ,” Asep berteriak. Rakean menarik egrangnya lebih ke atas. Ia ingin memeriksa apakah egrangnya masih baik-baik saja. Terutama pada bagian pijakan dan tali rotannya. Duk, terdengar ujung atas tongkat egrangnya menyentuh sesuatu. Saat ditengok, Rakean sangat terkejut. Ujung tongkatnya ternyata menyentuh sarang tabuhan sebesar bola yang menggantung di ranting pohon.
13	“Wualaaah, gawat!” desis Rakean. Penghuni sarang rupanya terganggu. Tabuhan mulai berseliweran mendengung-dengung. Rakean cepat menghindar. Ia bergegas menaiki egrang dari atas cabang pohon dengan susah payah. Asep mengetahui temannya terancam bahaya. Ia berteriak, “Awat, Kean, cepat lari!” Seperti dikejar pesawat tempur yang mendesing, Rakean berusaha menghindar serangan tabuhan yang semakin lama semakin banyak dan liar. Untung jalan sudah melandai. Ia mengebut dengan egrang sehingga akhirnya menjauh dari gerombolan tabuhan itu. Rakean terus berpacu. Ia ingin cepat tiba di puncak.
14	Orang-orang bersorak menyambut kedatangannya di Bukit Putri. “Pangeran..., Pangeran..., Pangeran...!” Buk! Rakean menjatuhkan diri tepat di tanah yang sudah dilingkari dengan kapur. Ia sudah hampir kehabisan tenaga. “Kean, kau tak apa-apa?” terdengar suara Asep. Rakean memejamkan matanya, sambil menjawab, “Tenang sobat, aku tak apa-apa. Aku hanya lelah.”
15	Ternyata di atas bukit sudah banyak orang menyambut, termasuk Pak Lurah. “Kamu hebat, Nak. Bapak senang kamu bisa sampai di atas bukit. Kau memang Pangeran Egrang sejati!” kata Pak Lurah. Rakean menoleh pada Asep. Asep menjawabnya dengan mengacungkan jempol.

3. Ngolah Basa

Benerkeun tulisan di handap, upamana éjahanana, basana, diksi, jsté, nepi ka jadi carita nu leuwih hadé.

Agus Hayang Jadi Supermén

Aya hiji carita ngeunaan budak nu hayang jadi Supermén, ngarana téh nyaéta Agus.

Ti balik sakola si Agus tuluy heula ka imah ganti baju jeung dahar heula.

Sabérés dahar teu lila babaturanana nyampeur ka imah si Agus rek ulin ucing-ucingan.

Si Agus jeung babaturanana hompimpah heula ngarah aya nu jadi.

Pék téh si Agus nu jadi. Baruranana lalumpat ngarah teu dijadikeun ku si Agus, teu cicing si Agus geura lumpat ngudag babaturanana. Pas lumpat si Agus téh labuh ka susukan, sukuna barét teu lila waé babaturanana mantuan si Agus jeung nganteurkeun si Agus ka imahna. Bapana nu ningali si Agus barét sukuna langsung diperban.

Baraha poé dilewatan ku si Agus sukuna ges rada mendingan. Si Agus keur ngalamun di hareupeun téras imah si Agus hayang jadi supermén, babaturanana nyamper si Agus ngajakan ulin ucing-ucingan ngan si Agus nolak sieun labuh deui di susukam, terus babaturanana ngajakan si Agus ulin susumputan, ceuk si Agus hayu waé. Si Agus jeung babaturanana ka lapang, geus lila ulin susumputan si Agus ngarasa bosen, si Agus enggesan terus tuluy ka imah. Si Agus karék ingeteun manéhna téh hayang jadi superménn.

Ka isukanna ti balik sakola si Agus langsung ganti baju maké calana dua, nu calana panjang di jero jeung calana péndékna di luar ngarah hayang jadi supermén jeung teu poho maké jubah sampingna ditalikeun kana beheung terus maké sapatu. Si Agus kaluar imah néangan batur nu ménta tolong contona si Agus mantuan nini-nini nyebrang, mantuan nangkap ucing anu dina tangkal, mantuan batur anu rék labuh, jeung saterusna. Tah tina carita "Si Agus hayang jadi supermén" aya hal anu alusna nyaéta mantuan batur. Urang sadayana ogé kudu silih mantuan lamun aya nu teu mampu nanaon bantuan, da arurang gé butuh ka batur.

Ucing Si Syafa

Weungi harita bulan katingal ngan ukur sapasi. Langit némbongkeun rébu-rébu bintang tingkaretip. Syafa énjing-énjing nyéboran pepelakan di pakarangan imah, si Syafa gaduheun ucing ngarana Pidi. Pidi ningalikeun kupu-kupu anu saé pisan. Si Pidi mah resepeun kana kupu-kupu téh, Syafa oge ningalieunana meuni bungaheun da biasana gé si Pidi mah tara anteng kitu. Di bumi na Syafa kekembangan meuni ngajalajar seeur pisan. Aya kembang janda bolong, lidah buaya, jeung nu sanséna deui. Tatangi Lisfa osok nyuhunkeun kembang ka Syafa.

"Syafa! Bibi ménta kembang" ceuk tatangi Syafa.

"Mangga bibi, Bibi hoyong kembang naon?" saur Syafa.

"Bibi mah hoyong kembang janda bolong!"

"Mangga nyandak Bi...." témbal Syafa. Tatangi Syafa uih ka bumina. Poé éta ucing si Syafa atawa si Pidi ngudag-ngudag kupu-kupu éta meuni jauh. Si pidi lulumpatan ngudag kupu-kupu éta.

"Ari si Pidi kamana nya?" saur Syafa.

"Meong....meong....!"

Si Syafa geus tenang ku sabab si Pidi tos kapendak.

Poé isukanana, si Pidi leungit deui. Syafa kukulintingan deui pék mah si Pidi téh ka jalan deui. Si syafa ngagorowok.

"Pidi....awas aya motor!" ceuk si Syafa sabari ka jalan arék nyekat si Pidi. Teu lila si Pidi kagéléng ku motor. Anu mawa motorna teu nempoeun aya ucing.

"Kamana si Pidi nya? Geus burit" gerentes Syafa.

Teu lami Syafa kaluar ningal ka jalan.

"Pidi! Maneh kunaon?" Syafa jigana nu sedih pisan.

Poé éta tabuh 3 burit di makamkeun ku bapana Syafa. Syafa ngarengtik ka indungna.

"Mamah!" Syafa ceurik sabari namgkep indungna.

"Kin nya neng...urang meser deui ucingna anu sami sareng si Pidi"

Syafa katingal seneng badé meser kucing anyar.



"Hatur nuhun Mah!"

"Sami-sami neng!" Syafa atos teu émut deui ka si Pidi.

4—7 Nyieun Gagasan, Ngahanca Rangkay, Ngolah Carita, Ngarautan



SD



SMP

Titénan gambar di luhur, geus kitu:

1. Tangtukeun idé keur carpon tina éta salah sahiji gambar.
2. Jieun rangkay caritana.
3. Tulis rangkay carita jadi carpon.
4. Rautan deui.